



Kantite ka COVID-19 yo ap ogmante nan Vil New York




Varyant delta a ap simaye toupatou nan NYC. Li plis pase de (2) fwa pi atrapan pase viris orijinal la e li gen dwa bay maladi pi grav.



Varyant yo parèt lè yon viris kontinye ap pwopaje. Vaksen kont COVID-19 ki genyen yo kounye a bay rezilta kont varyant delta a men yo gen dwa pa bay menm rezilta a kont varant k ap parèt pi devan yo. Lè ou pran vaksen an kounye a sa ap ede redui pwopagasyon COVID-19 la ak pou gen nouvo varyant k ap parèt.



Si ou pa vaksinen, ou dwe toujou mete mask pwoteksyon lè ou bò kot lòt moun andeyò lakay ou; kenbe distans fizik pa rapò ak lòt moun; fè tès souvan; epi rete lakay ou si ou malad. Jwenn yon lokal vaksinasyon nan [nyc.gov/vaccinefinder](https://www.nyc.gov/vaccinefinder) epi pran vaksen an jodi a!



Si ou fin vaksinen nèt, mete mask nan tout espas piblik andedan ak tout kote ou pa konn si moun ki antoure ou yo vaksinen. Epitou, suiv egzijans sou mask yo tout kote ou ale, sa gen ladan pandan w ap pran transpò piblik; fè tès si ou gen sentòm oswa si ou te an kontak dènyèman ak yon moun ki gen COVID-19; epi rete lakay ou si ou malad.

Pou plis enfòmasyon, ale sou [nyc.gov/covidvaccine](https://www.nyc.gov/covidvaccine).

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sityasyon an ap evolye. 8.23.21

Haitian Creole